



THE PATH FORWARD



## Yon Mizajou sou Inisyativ Redefini Lekòl Nou Yo 2024-2025

Le 20 Me, 2025, pandan wòkchòp (atelye) Konsèy Edikasyon (School Board) yo te prezante devan Konsèy Edikasyon ak kominote a yon mizajou sou Redefini Lekòl Nou Yo. Anplwaye yo te prezante yon rezime konplèt sou preparasyon òganizasyonèl Distri a pou enplimante aksyon nan Faz 1 ke Konsèy Edikasyon te apwouve. Diplis, pwen santral diskisyon an sete sou Faz 2 kap kòmanse ofisyèlman pandan lete kap vini an. Konsèy Edikasyon ak Sipèentandan Dr. Howard Hepburn reyafime angajman yo pou yon pwosesis enklizyon ki konsidere opinyon tout gwoup ki enterese. Konsèy la epi Sipèentandan sipòte devouman fèm elèv ak fanmi nou yo ki **#CHWAZI PI BON, CHWAZI BCPS!** Ou va jwenn anba yon rezime aksyon Faz 1 ak priyorite Faz 2.

### Rezime Faz 1

Apati Premye Jiyè, 2025, lekòl ki sou lis anba a ap ofri plis klas oswa ap mete anplas pwogram sible pou satisfè bezwen edikatif kominote a.

- **Broward Estates Early Learning & Resource Center**
- **Coconut Creek K8 Academy of Excellence**
- **Coral Cove Academy of the Arts K8**
- **Hollywood Central Preparatory K8**
- **Silver Shores STEAM Academy K8**
- **Pines 6-12 Collegiate Academy**

Tout lekòl ap asepte aplikasyon pou ane eskolè 2025-2026.

#### **Pwochen Reyinyon ak Wòkchòp Konsèy Edikasyon**

- **10 Jen, 2025 – Wòkchòp Konsèy Edikasyon**
- **17 Jen, 2025 – Reyinyon sesyon òdinè Konsèy la**
- **24 Jen, 2025 – Wòkchòp Konsèy Edikasyon**

### Priyorite Faz 2

Distri a pa ka tann pou li kolabore avèk kominote a nan domèn sa yo.

- Konsolide Lekòl
- Etid Frekantasyon Eskolè
- Revizyon epi Restriktirasyon Pwogram Magnet
- Frekantasyon eskolè elèv dwe onivo Rejyonal
- Pwogram Rejyonal Dual Language
- Elaji Prezans Kolèj Teknik
- Lekòl Charter Distri a Jere
- Patenarya Piblik-Prive
- Pwogramasyon Kominotè
- Pou Anplwaye Sèvis Gadri Peye
- Modènize Transpòtasyon Eskolè
- Zòn ki Enterese Minisipalite



**The School Board of Broward County, Florida** Lori Alhadeff • Maura McCarthy Bulman • Adam Cervera, Esq. • Debra Hixon

• Dr. Jeff Holness • Sarah Leonardi • Nora Rupert • Rebecca Thompson • Dr. Allen Zeman • Dr. Howard Hepburn, Superintendent of Schools

School Board of Broward County, Florida, entèdi tout direktiv oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonnalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka telefòn Direktè, Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonatè Ekte Distri a/Kodonatè Title IX, nan nimewo 754-321-2150 oswa imel [eeo@browardschools.com](mailto:eeo@browardschools.com). Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun andikape ki bezwen adaptasyon ka telefòn depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa imel [eeo@browardschools.com](mailto:eeo@browardschools.com).

BED<ht/is/05/25>Document translated by the Bilingual/ESOL Department (05/25)